

# Èske ou bezwen asirans maladi?

Si w ap viv nan Massachusetts, genyen nouvo pwogram asirans-maladi ki la. Nou ka ede ou. Kontakte nou jodi a menm pou ka konnen kijan pou aplike pou yo.

**MHA** MASSACHUSETTS HOSPITAL ASSOCIATION



*Lajan ki peye pou bwochi sa a sòti nan Massachusetts Executive Office of Health and Human Services - 2007*

## Nou ka ede ou. Annik mande.



**Genyen yon nouvo lwa nan Massachusetts ki vle pou moun ki gen plis pase dizwitan gen asirans-maladi.**

Gen plizyè pwogram asirans-maladi ki pa chè pou granmoun ak timoun k ap viv nan Massachusetts. Anplis, gen kèk lòt chwa ki nouvo. Li fasil pou aplike pou yo epi manm pèsònèl nou yo ka ede pou esplike ou ki chwa ou ka genyen.



**Asirans maladi ka kouvri pri:**

- Konsiltasyon
- Lopital
- Tretman pou sante mantal, tretman pou moun ki bwè alkòl, ak moun ki pran dròg.
- Medikaman sou preskripsyon
- Swen pou ijans

**Konbyen kòb m ap gen pou peye?**

Sa depan konbyen kòb ou fè nan yon ane. Kèk asirans-maladi mande ou yon ti kopeman (kòb ou peye chak fwa ou itilize sèten sèvis sante). Kèk asirans gen yon prim (kòb ou peye chak mwa) epitou kopeman.

**Kisa pou mwen pote lè m ap aplike?**

- Prèk ki montre konbyen kòb ou fè chak ane (resi pewòl, sekirite sosyal, lèt travay ou, deklarasyon enpo sou revni, oswa etadkont labank ou)
- Prèk ki montre ou se sitwayen ameriken epi ki montre idantite ou si ou se sitwayen ameriken (kat idantite ki gen foto ou sou li epi batistè ou, oswa paspò ou)
- Moun ki pa sitwayen ameriken fèt pou pote prèk, si yo genyen, ki di sa yo ye konsènan imigrasyon.